

Amelyore kòm yon Enstriktè nan fason Kris la— Yon Evalyasyon Pèsonèl

Kòm enstriktè, nou ta dwe regilyèman evalye fòs nou ak feblès nou pou nou ka ede elèv yo bati lafwa nan Jezikri epi vin plis tankou Li. Aktivite sa a kapab ede w aplike prensip pou anseye tankou Kris yo. Konsidere kijan chak nan deklarasyon sa yo dekri ou kòm yon enstriktè. Chwazi repons ki pi apwopriye a: (1) raman, (2) pafwa, (3) souvan, (4) prèske toujou.

Après, selon enspirasyon Lespri a, nan yon espri lapriyè, seleksyone kèk bagay ou ta renmen amelyore. Fikse kèk bi, epi itilize resous sa a pou ede w amelyore.

Konsantre sou Jezikri.

- ☐ Mwen anseye konsènan Jezikri kèlkeswa sa m ap anseye a.
- ☐ Mwen ensiste sou egzanp Jezikri.
- ☐ Mwen ede elèv yo rekonèt lanmou, pouvwa, ak mizerikòd Senyè a nan lavi yo.
- ☐ Mwen ede elèv yo ranfòse relasyon yo avèk Pè Selès la ak Jezikri.
- ☐ Mwen ede elèv yo pou yo entansyonèlman fè efò pou yo vin plis tankou Jezikri.

Renmen Moun W ap Anseye yo

- ☐ Mwen fè efò pou m wè elèv fason Bondye wè yo a.
- ☐ Mwen chèche konnen moun m ap anseye yo—pou m ka konprann sitiyasyon yo, bezwen yo, ak fòs yo.
- ☐ Mwen priye pou elèv yo pa non yo.
- ☐ Mwen kreye yon anviwònman sekirite kote tout moun gen respè epi konnen kontribisyon yo gen valè.
- ☐ Mwen chèche fason apwopriye pou eksprime lanmou m.

Anseye pa Lespri a

- ☐ Mwen prepare tèt mwen spirityèlman pou m anseye.
- ☐ Mwen reponn a enspirasyon spirityèl konsènan bezwen elèv yo.
- ☐ Mwen kreye okazyon ak opòtinite pou Sentespri a anseye elèv yo.
- ☐ Mwen ede elèv yo chèche, rekonèt, ak aji sou revelasyon pèsonèl.
- ☐ Mwen rann temwayaj souvan, epi mwen ankouraje elèv yo pou pataje santiman, eksperyans, ak temwayaj yo.

Anseye Doktrin nan

- ☐ Mwen aprann doktrin Jezikri a pou tèt pa mwen.
- ☐ Mwen anseye apati ekriti yo ak pawòl pwofèt dènye jou yo.
- ☐ Mwen ede elèv yo chèche, rekonèt, ak konprann verite ki nan ekriti yo.
- ☐ Mwen foki sou verite ki mennen nan konvèsyon ak bati lafwa nan Jezikri.
- ☐ Mwen ede elèv yo jwenn koneksyon pèsonèl nan doktrin Jezikri a.

Envite aprantisaj dilijan

- ☐ Mwen ede elèv yo pran responsablite pou aprantisaj yo.
- ☐ Mwen ankouraje elèv yo aprann konnen Sovè a nan etidye levanjil la chak jou.
- ☐ Mwen envite elèv yo prepare yo pou yo aprann.
- ☐ Mwen ankouraje elèv yo pataje verite y ap aprann yo.
- ☐ Mwen envite elèv yo viv sa y ap aprann yo.